



# Benefis pou Timoun ki Enfim

## Ki sa ki andedan

Entwodiksyon	1
Pèman Supplemental Security Income (SSI) pou timoun enfim yo	1
Benefis Social Security Disability Insurance (SSDI) pou granmoun ki enfim depi lè yo te timoun.	3
Lè w ap aplike pou pèman SSI oubyen benefis SSI epi kijan ou ka ede	4
Pwogram sipò pou travay pou jèn moun ki enfim	4
Medicaid ak Medicare	5
Children's Health Insurance Program	5
Lòt sèvis sante	5
Pou kontakte Sekirite Sosyal	6

## Entwodiksyon

Ti liv sa a se pou paran yo, moun k ap bay swen yo, oubyen responsab timoun yo ki gen mwens ke 18 an ki enfim epi ki ka elijib pou pèman Supplemental Security Income (SSI). (Revni Sekirite Siplemanchè) Li se pou granmoun tou ki te vin enfim pandan yo te timoun (avan laj 22 lane), epi ki ka gen dwa pou resevwa benefis Social Security Disability Insurance (SSDI). (Nou rele benefis SSDI an yon benefis pou "timoun" paske yo peye li sou dosye salè Social Security paran an)

Ti liv sa a ap ede ou deside si ou menm, pitit ou, oubyen yon timoun ou konnen, ka elijib pou SSI oubyen Social Security.

## Pèman Supplemental Security Income (SSI) pou timoun enfim yo

SSI peye chak mwa moun ki gen revni ki ba epi ki pa gen anpil resous ki gen 65 an oubyen plis ke sa, ki avèg, oubyen ki enfim. Timoun ou an, si li gen mwens ke 18 an, ka kalifye si eta fizik li oubyen mantal li, oubyen tou lè de, koresponn ak definisyon Social Security genyen pou enfimite pou timoun, epi si revni li ak resous li genyen tonbe nan limit pou li elijib la. Montan pèman SSI a diferan pou chak eta paske gen de eta ki ajoute nan pèman SSI an. Biwo lokal Social Security ou an ka di ou plis sou pèman total SSI eta ou an bay.

## Règ SSI sou revni ak resous ou yo

Nou konsidere revni timoun ou an ak resous li yo lè n ap deside si li elijib pou SSI. Nou konsidere tou revni ak resous manm fanmi yo k ap viv nan menm kay ak timoun nan. Yo aplike règle sa yo si timoun ou an ap viv nan kay la. Yo aplike règle sa yo tou si li lekòl yon lòt kote men li retounen nan kay la de tanzantan epi li sou kontròl ou.

Si revni timoun ou an ak resous li yo, oubyen revni ak resous manm fanmi yo k ap viv nan menm kay ak timoun nan, plis ke montan yo bay la, n ap refize aplikasyon timoun nan pou pèman SSI yo.

Nou limite pèman mansyèl SSI an a \$30 pa mwa lè yon timoun nan yon etablisman medikal, epi asirans sante peye pou swen li.

## Règ SSI yo sou enfimite

Timoun ou an dwe ranpli tout kondisyon sa yo pou yo konsidere li kòm enfim epi, pa konsekan, li elijib pou SSI:

- Timoun nan, ki pa avèg, pa dwe ap travay pou plis ke oubyen fè plis ke \$1,180 pa mwa nan lane 2018 la. Yon timoun ki avèg pa dwe ap travay pou plis ke oubyen fè plis ke \$1,970 (Montan salè sa a chanje an jeneral chak ane.)
- Timoun nan dwe nan yon eta fizik oubyen mantal, oubyen tou lè de (2), ki fè ke “fonksyonman li limite anpil anpil.” Sa vle di ke eta li ye a dwe limite seryezman aktivite timoun ou an.
- Eta timoun nan dwe fè li enfim, oubyen ka fè li enfim, pou pi piti pandan 12 mwa; oubyen eta li dwe ka fè li vin mouri.

## Bay enfòmasyon sou eta timoun ou an

Lè ou aplike pou pèman SSI pou timoun ou paske li enfim, nou pral mande ou enfòmasyon detaye sou eta sante timoun nan epi sou kòman sa afekte kapasite li pou li fè aktivite chak jou li yo. Nou pral mande ou tou pou ou bay doktè yo, pwofesè yo, terapè yo, ak lòt pwofesyonèl ki gen enfòmasyon sou eta timoun ou an pèmasyon pou yo voye enfòmasyon an ba nou.

Si ou genyen nenpòt nan dosye medikal oubyen dosye lekòl timoun ou an, tanpri vini avèk yo. Sa ap ede pwosesis pou yo pran desizyon yo vin fèt pi rapid.

## Kisa k ap rive apre?

Nou voye tout enfòmasyon ou ba nou yo nan biwo Disability Determination Services (DDS) (Sèvis Detèminasyon Envalidite) nan eta ou an. Doktè yo ak lòt pèsone ki antrene nan ajans eta sa a pral revize enfòmasyon an, epi pral mande dosye medikal ak lekòl timoun ou an, ak nenpòt lòt enfòmasyon ke yo bezwen pou yo deside si timoun ou an ranpli kritè nou yo pou enfimite.

Si ajans eta a paka detèmine enfimite a ak enfòmasyon medikal yo, dosye lekòl yo, ak lòt fè ke yo genyen, yo ka mande w pou ou mennen timoun ou an pou yon egzamen medikal oubyen yon tès. N ap peye pou egzamen an oubyen tès la.

## Nou ka peye menm kote a SSI pou timoun ou an

Ajans leta a ka pran twa (3) a senk (5) mwa pou deside si timoun ou an ranpli kritè nou yo pou enfimite. Sepandan, pou kèk eta sante, nou peye SSI menm kote an, epi pou plis ke sis (6) mwa, pandan ajans leta a ap deside si timoun ou an gen yon enfimite ki kalifye li.

Men *kèk* nan eta ki ka kalifye:

- Avèg nèt
- Soud nèt
- Paralizi nan sèvo
- Sendwòm Down
- Feblès miskilè
- Enfimite entelektyèl grav (timoun 4 lane oubyen pi gran)
- Siy enfeksyon VIH
- Pwa lè timoun nan fèt ki pi ba ke 2 liv, 10 ons — Nou evalye pwa nesans ki ba kay tibebe soti nan lè li fèt rive nan laj 1 an epi reta kwasans kay tibebe ak timoun piti soti nan lè li fèt rive nan laj 3 lane. Nou itilize pwa nesans

tibebe a jan li ekri nan sètifika nesans original li an oubye kopi sètifye a, oubyen yon dosye medikal ke yon doktè siyen.

Si timoun ou an genyen youn nan eta sa yo ki kalifye li, l ap resevwa pèman SSI an menm kote an. Si ajans leta a deside finalman ke enfimite timoun ou an pa ase grav pou SSI, ou pap gen pou w remèt pèman SSI ke pitit ou an te jwenn yo.

### **Evalyasyon enfimite SSI**

Aprè pitit ou an kòmanse resevwa SSI, lalwa egzije ke nou revize eta sante timoun ou an de tanzantan pou nou verifye si enfimite li an toujou ranpli kritè nou yo. Nou dwe fè revizyon sa a:

- Pou pi piti chak 3 zan pou timoun ki pi jèn ke 18 an ke yo espere ke eta yo ap amelyore ; epi
- A pati de 1 an pou tibebe yo ki resevwa pèman SSI a koz de pwa nesans yo ki trò ba. Si nou detèmine ke pa gen espwa pou eta sante yo evolye jiska premye anivèsè nesans yo, nou ka planifye revizyon an pou yon date ki pi ta.

Nou ka fè yon revizyon de enfimite an menm si pa gen espwa pou eta pitit ou an amelyore. Lè n ap fè yon revizyon, ou dwe prezante prèv ke enfimite timoun ou an toujou limite sevèman aktivite chak jou li yo epi ke timoun ou an resevwa tretman ke yo konsidere ki nesèsè medikalman pou eta sante li an.

### **Kisa ki rive lè timoun ou an vin gen 18 an**

Nan pwogram SSI an, yon timoun vin tounen yon granmoun a laj 18 an, e nou itilize diferan règ medikal ak règ ki pa medikal lè n ap deside si yon granmoun ka resevwa pèman enfimite SSI. Pa egzanp, nou pa konte revni ak resous manm fanmi yo, eksepte pou yon mari / madanm, lè n ap deside si yon granmoun atenn limit lajan yo pou SSI. Nou konte sèlman revni ak resous granmoun yo ak mari/madanm nan. Nou itilize règ enfimite yo tou pou granmoun lè n ap deside si yon granmoun enfim.

- Si timoun ou an déjà ap resevwa pèman SSI, nou dwe revize eta sante timoun nan lè li vin gen 18 an. Nou fè revizyon sa a dabitid pandan period en (1) an ki kòmanse 18yèm anivèsè nesans pitit ou an. Nou pral itilize règ enfimite yo pou nou deside si pitit 18 an ou an elijib pou SSI.
- Menm si timoun ou an pat elijib pou SSI anvan 18yèm anivèsè nesans li paske ou menm ak mari/madanm ou te gen twòp revni oubyen twòp resous, li ka vin elijib pou SSI a laj 18 an.

Pou plis enfòmasyon, li *Supplemental Security Income (SSI)* (Piblikasyon Nimewo 05-11000-HC).

### **Benefis Social Security Disability Insurance (SSDI) pou granmoun ki enfim depi lè yo te timoun.**

Pwogram SSDI peye benefis pou granmoun ki gen yon enfimite ki te kòmanse anvan yo vin gen 22 zan. Nou konsidere benefis SSDI sa a tankou yon benefis pou “timoun” paske yo peye li sou dosye Social Security salè yon paran.

Pou yon granmoun enfim vin ka resevwa benefis “timoun” li an, youn nan paran li yo:

- Dwe ap resevwa benefis Social Security pou retrèt oubyen enfimite ; oubyen
- Dwe mouri epi te travay ase pou li kalifye pou Social Security.

Yo ka bay benefis sa yo tou a yon granmoun si li enfim a laj 18 an, epi si yo te resevwa benefis depandan yo sou dosye salè Social Security yon paran avan laj 18 an. Timoun yo ki te resevwa benefis yo kòm minè sou dosye Social Security yon paran ka elijib pou yo kontinye resevwa benefis yo sou dosye paran an lè li vin gen 18 an si li enfim. Nou itilize règ enfimite pou granmoun yo pou nou detèmine si li enfim.

Benefis SSDI pou enfim granmoun “timoun” yo kontinye depi moun nan toujou ret enfim. Maryaj yon granmoun “timoun” enfim ka afekte elijibilite li pou benefis li an. Timoun ou an pat bezwen travay pou li jwenn benefis sa yo.

## Kòman nou detèmine si “timoun” ou an enfim epi gen dwa pou li resevwa benefis SSDI.

Si timoun ou an gen 18 an oubyen li pi gran, nou pral evalye enfimite li an menm jan nou t ap evalye enfimite pou nenpòt ki granmoun. Nou voye aplikasyon an bay Disability Determination Services nan eta ou an ki ap detèmine si moun nan enfim pou nou. Pou enfòmasyon detaye sou kijan nou detèmine enfimite yon granmoun, li *Disability Benefits* (Piblikasyon Nimewo 05-10029-HC).

## Lè w ap aplike pou pèman SSI oubyen benefis SSI epi kijan ou ka ede

Ou ka aplike pou pèman SSI oubyen benefis SSDI pou timoun ou lè ou rele Social Security gratis nan **1-800-772-1213** oubyen lè ou vizite biwo lokal Social Security nou an. Si w ap aplike pou lajan SSI pou timoun ou, ou dwe genyen nimewo Social Security li ak sètifika nesans li avèk ou. Si w ap aplike pou benefis SSDI yo pou timoun ou epi w ap baze sou dosye salè ou, tanpri mache avèk nimewo Social Security pa ou, oubyen nimewo Social Security yon paran ki retirete, enfim oubyen mouri ke yo te ranpli dosye demand SSDI an, avèk nimewo Social Security timoun nan ak sètifika nesans li.

Ou ka ede nou detèmine enfimite yon moun lè ou:

- Di nou otan ke ou kapab sou eta sante timoun ou an ;
- Ba nou dat vizit doktè yo oubyen lopital yo, nimewo kont pasyan an pou nenpòt doktè ak lopital, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki pral ede nou jwenn dosye medikal timoun ou an, epi
- Fè nou jwenn kopi nenpòt rapò medikal oubyen enfòmasyon ou genyen nan men w.

**Nòt:** *Ou pa bezwen al mande doktè pitit ou yo enfòmasyon. N ap kontakte yo dirèkteman pou rapò yo oubyen enfòmasyon ke nou bezwen pou nou pran yon desizyon sou enfimite timoun ou an.*

Si timoun ou an pi piti ke 18 an epi l ap aplike pou SSI, ou dwe ba nou dosye yo ki montre revni ak resous ou, ak pa timoun ou an tou. Nou pral mande w tou pou ou dekri kijan enfimite timoun ou an afekte kapasite li pou li fè aktivite chak jou li yo. An plis, nou pral mande non pwofesè yo, moun k ap bay swen chak jou yo, ak manm fanmi yo ki ka bay enfòmasyon sou kijan timoun ou an fonksyone. Si ou gen rapò lekòl yo, ou dwe pote yon an entèvyou an.

Nan plizyè kominote, genyen aranjman spesyal ki fèt avèk moun k ap bay swen santé yo, ajans sèvis sosyal yo, ak lekòl yo pou ede nou gen prèv nou bezwen pou trete demand timoun ou an. Sepandan, kooperasyon ou pou nou genyen dosye yo ak lòt enfòmasyon ap ede nou fini travay nou an pi rapid.

## Pwogram sipò pou travay pou jèn moun ki enfim

Nou gen plizyè mwayen pou n ankouraje jèn moun ki ap resevwa pèman SSI oubyen benefis SSDI epi ki vle travay.

### Anba SSI:

- Lè nou kalkile pèman mansyèl SSI timoun ou an, nou pa konte pifò nan revini timoun ou an. Si pitit ou an pi jèn ke 22 zan, epi li se yon elèv ki al lekòl regilyèman, nou ekskli plis toujou nan salè li chak mwa. An 2018, timoun enfim ki pi jèn ke 22 zan ka ekskli \$1,820 nan lajan yo fè chak mwa, avèk yon limit \$7,350 pa ane, lè n ap konte revni SSI yo. Limit sa yo ka ogmante chak ane.
- Avèk yon Plan to Achieve Self-Support (PASS), yon timoun ki gen 15 lane oubyen ki pi gran ka sere kèk revni ak resous li pou l peye pou edikasyon l ak lòt bagay li bezwen pou l ka travay. Nou pa konte revni ki sere a lè n ap kalkile revni timoun ou an pou SSI. Nou pa konte revni ak resous ou sere yo lè n ap kalkile montan pèman timoun ou an. Li plis sou PASS nan [www.socialsecurity.gov/disabilityresearch/wi/pass.htm](http://www.socialsecurity.gov/disabilityresearch/wi/pass.htm).

- A koz de eta sante li, timoun ou an ka bezwen kèk atik ak sèvis pou li travay, tankou yon chèz woulant oubyen yon asistan pèsònèl. Lè n ap kalkile pèman SSI timoun ou an, nou pap konte kèk, oubyen tout, nan montan lajan ou peye pou atik ak sèvis sa yo nan salè timoun ou an.
- Timoun ou an ki pi gran pase 15 lane ka jwenn èd ak reyabilitasyon epi antrènman.
- Kouvèti Medicaid la ap kontinye menm si salè timoun ou an wo ase pou kanpe pèman mansyèl SSI an depi salè li yo pa depase yon sèten montan.

### Anba SSDI:

- Yon granmoun enfim avan laj 22 zan ka jwenn menm èd ak depans travay yo yo eksplike pi wo a pou SSI yon timoun, ak èd avèk reyabilitasyon epi antrènman.
- Benefis yo ka kontinye depi ou pa angaje nan yon gwo travay. Pou 2018, nou konsidere w ap fè yon gwo travay si salè mansyèl ou an plis ke \$1,180 pou yon benefisyè ki pa avèg (\$1,970 si ou avèg).
- Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan sit entènèt nou [www.socialsecurity.gov/](http://www.socialsecurity.gov/), lè ou rele gratis nan **1-800-772-1213**, oubyen lè ou li [www.socialsecurity.gov/redbook/](http://www.socialsecurity.gov/redbook/).

## Medicaid ak Medicare

Medicaid se yon pwogram sante pou moun ki gen ti revni ak resous ki limite. Nan pifò eta yo, timoun ki resevwa pèman SSI kalifye pou Medicaid. Nan plizyè eta, Medicaid vini otomatikman ak elijibilite pou SSI. Nan lòt eta, ou dwe siyen pou li. Kèk timoun ka jwenn kouvèti Medicaid menm si yo pa kalifye pou SSI. Verifye biwo lokal Social Security ou, ajans Medicaid nan eta ou an, oubyen biwo sèvis sosyal eta ou an oubyen konte ou an pou plis enfòmasyon.

Medicare se yon pwogram asirans federal pou moun ki gen 65 an oubyen plis ke sa, epi pou moun ki konn jwenn benefis enfimite Social Security pou pi piti pandan de (2) lane.

Genyen de (2) eksepsyon a règ sa a. Jèn granmoun enfim ou an ka jwenn Medicare menm kote a si li:

- Gen yon maladi ren kwonik epi bezwen yon transplantasyon ren oubyen dyaliz; oubyen
- Genyen Lou Gehrig's disease (amyotrophic lateral sclerosis).

## Children's Health Insurance Program

Children's Health Insurance Program pèmèt eta yo pou yo bay timoun ki soti nan fanmi k ap travay yo asirans sante, fanmi yo ke revni yo twò wo pou yo kalifye pou Medicaid, men ki twò ba pou yo ka peye yon asirans sante prive. Pwogram nan kouvri medikaman sou preskripsyon, je, zòrèy, ak sèvis sante mantal, epi li disponib nan tout 50 eta yo ak nan District of Columbia (Distri Columbia). Ajans Medicaid leta ou an ka bay plis enfòmasyon sou pwogram sa a, oubyen ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti pou timoun ou an nan [www.insurekidsnow.gov](http://www.insurekidsnow.gov) sou entènèt oubyen lè ou rele **1-877-543-7669**.

## Lòt sèvis sante

Lè timoun ou an jwenn SSI, n ap refere ou a kote ou ka jwenn sèvis sante pou timoun ou an. Sèvis sa yo sou dispozisyon Social Security Act ki gen rapò ak Children with Special Health Care Needs (Timoun ki gen Bezwen Spesyal nan zafè Sante). Dabitid ajans sante leta yo jere pwogram sa yo.

Leta yo rele sèvis sa yo plizyè non diferan, tankou Children's Special Health Services (Sèvis Sante Spesyal pou Timoun yo), Children's Medical Services (Sèvis Medikal pou Timoun yo), ak Handicapped Children's Program (Pwogram pou Timoun Andikape). Pifò pwogram sa yo bay sèvis yo nan klinik yo, biwo prive yo, sant tretman yo pou pasyan ekstèn ak entèn ki tankou lopital, ajans kominotè yo.

Menm si timoun ou an pa jwenn SSI, youn nan pwogram sa yo kapab ede w. Depatman sante lokal yo, biwo sèvis sosyal yo, oubyen

lopital yo dwe kapab ede w kontakte pwogram lokal Children with Special Health Care Needs(Timoun ki gen Bezwen Sante Spesyal) ou an.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd sipleman) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

### Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandè.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10026-HC | January 2018

Benefis pou Timoun ki Enfim  
Benefits For Children With Disabilities (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a